

Konsèy Jistis Anviwònmantal
 Reyinyon #2
 Jedi 15 Septanm 2022
 10:30-12:30 pm
Pwosè vèbal reyinyon an

Kote y ap fè reyinyon an: Seminè sou Zoom

Dokiman reyinyon an: [Ajanda, prezantasyon paj yo](#)

Manm Konsèy la ki te prezan:

- Peter Maathey
- Marcos Luna
- Ari Zorn
- Caroline Hon
- Melissa Ferretti
- Melissa Ferretti
- Patricia "Pat" Spence
- Cheryll Holley
- Namrita Kapur
- Lydia Lowe
- Madeline Fraser-Cook

Pa gen okenn manm Konsèy ki te absan nan reyinyon sa a. Madeline Fraser-Cook te kite reyinyon an byen bonè a 11:33 a.m pou patisipe nan lòt aktivite.

Anplwaye EOEEA ki te prezan:

- Rishi Reddi, Direktè Jistis Anviwònmantal
- Vallery Cardoso, Direktè Adjwen Jistis Anviwònman
- Gary Moran, Sekretè adjwen, Politik Anviwònmantal ak Rezilyans Klimatik
- Caroline Higley, Sekretè Adjwen Anviwònmantal, Inisyativ Estratejik ak Koòdinasyon Ajans yo

Ajanda:

1. Byenvini, entwodiksyon ak apèsi sou lojistik reyinyon yo
 2. Apwobasyon pwosè vèbal reyinyon anvan an
 3. Anons
 - a. Yo pral òganize reyinyon adistans (adistans/ an pèsòn)
 - b. Yo dwe mete ajou e revize kat EJ yo anvan 1ye oktòb
 4. Prezantasyon reyinyon sou jistis anviwònmantal
 5. Analiz definisyon " popilasyon EJ a
 - a. EJ nan kontèks istorik MA: Marcos Luna
 - b. Diskisyon sou pwodwi travay CJE a
 - c. Pwosesis/operasyon CJE a
 6. Entwodwi plan enèji pwòp ak klima
 7. Kesyon/Kòmantè odyans lan
 8. Pwochen etap ak konklizyon
-

Reyinyon an te kòmanse a 10:31.

Byenvini, entwodiksyon ak rezime lojistik reyinyon yo:

Rishi Reddi te mande pou manm Konsèy EJ yo prezante tèt yo. De nouvo manm Konsèy, Cheryll Holley ak Kalila Barnett te prezante tèt yo nan reyinyon sa a.

Apwobasyon pwosè vèbal reyinyon anvan an:

Rishi te mande yon mosyon pou apwouve pwosè vèbal reyinyon 28 jiyè 2022 a. Patricia Spence te pwopoze pou apwouve pwosè vèbal jiyè. Lydia Lowe te apiye mosyon an epi Rishi te mande yon vòt atravè yon apèl nominal. Cheryll Holley ak Kalila Bennet pa t vote paske yo pa t prezan nan premye reyinyon an. Lòt manm Konsèy EJ yo te vote an favè apwobasyon pwosè vèbal yo.

Anons:

Rishi te prezante mizajou yo bay konsèy EJ a ak piblik la. Anons sa yo gen ladan:

- c. Pwogrè nan òganize reyinyon miks yo Konsèy EJ (adistans / an pèsòn). EEA vle angaje yon konsiltan pou jere lojistik reyinyon adistans yo. Gen espwa pou òganize reyinyon ibrid yo alavni.
- d. [Yo dwe](#) mete ajou epi revize kat jewografik EJ yo anvan 1ye oktòb. Mizajou kat jewografik yo pral gen done resansman yo.

Lydia Lowe te mande presizyon sou done resansman ak katye gwoup yo. Vil Boston te mande yon resansman pou lojman kolektif, e Lydia pat sèten si lòt vil nan eta a te fè sa. Èske EEA GIS la entegre trimès gwoup yo nan nouvo done yo? Rishi te fè konnen AEE ap travay sou sa kounye a epi yo pral mande li menm ak koòdonatè GIS nou an ki jan nou pral jere gwoup katye yo epi li pral poze kesyon espesyalman osijè Boston.

Prezantasyon Komisyon Jistis Anviwònmanal:

Rishi te mande María Belén Power, Direktè Asosye GreenRoots pou l vin pi devan pou kòmanse prezantasyon Komisyon EJ a. María Belén te prezante Komisyon EJ ak dènye travay li yo.

Pati nan prezantasyon Maria Belen nan rezime isit la:

Yo te konvoke Komisyon EJ a an 2018, men li baze sou plizyè desizyon travay ki alye ak patnè EJ atravè Commonwealth. Gwoup la te reyini pou konnen kijan pou yo travay ansanm sou definisyon EJ apre yo te reyalize, EJ te mansyone nan anviwon 20 bòdwo diferan.

Maria Belen prezante manm yo nan Komisyon EJ. Òganizatè adjwen yo se Alternatives for Community and Environment (ACE), GreenRoots, Neighbor to Neighbor, Social Justice Coalition, North American Indian Center of Boston (NAICOB), e kounye a yo nan diskisyon ak Groundworks Lawrence pou vin yon òganizatè adwen. Konvokatè yo reprezante kominote a atravè Commonwealth. Alye ak patnè ki fè pati Komisyon EJ yo se Green Energy Consumers Alliance, Environmental League of Massachusetts (ELM), Clean Water Action, Conservation Law Foundation (CLF), Lawyers for Civil Rights, Union of Concerned Scientists, UU Mass Action, Massachusetts Communities Action Network (MCAN).

Apre sa, María Belén te mande Sofía Owen pou l prezante pwochen pati prezantasyon an.

Sofia Owen, avoka ak direktè Pwogram Sèvis Legal EJ ACE, te bay yon apèsi sou istwa pwogrè EJ nan MA ki te kòmanse an 1994 ak Rezo Asistans EJ Massachusetts, ki te etabli atravè ACE. Kòmantè Sofia yo rezime isit la:

Rezo Asistans MA EJ te rasanble kominote yo, avoka, pwofesyonèl lokal ki gen lisans, espesyalis, pwofesyonèl sante piblik ak lòt moun. Gwoup sa a te dirije ACE pou ankouraje Eta a fòme Konsèy Konsiltatif Jistis Ekitab pou ede devlope politik jistis ki ekitab an 2002.

- **2002:** Konsèy Jistis Anviwònmanal fòme pou ede kreye politik EJ.
- **2009:** ACE te kreye Alyans EJ MA ki te mennen nan kreyasyon Dekrè Egzekitif MA (EO) 552.

- **2009-2010:** ACE te konvoke Alyans EJ, yon gwoup ki gen 20 òganizasyon debaz atravè eta a. Gwoup sa a te kontakte Gouvènè Deval Patrick pou ankouraje l adopte yon EJ EO epi ranpli pòs vid direktè EJ a. Gwoup la te kòmanse ekri yon EEO pou l soumèt bay Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantral (EEA).
- **2011-2012:** ACE te ede Depatman Pwoteksyon Anviwònmantral Massachusetts (MassDEP) nan planifikasyon 5 sesyon jistis anviwònmantral nan tout eta a. Yon EJ EO se te yon demann yo te fè nan chak sesyon.
- **2013:** ACE te soumèt yon bouyon EO bay EEA. Anplwaye Gouvènè Patrick la te travay ak Alyans EJ sou OE a.
- **2014:** Alyans MA EJ te reyini ak EEA, soti nan sezon fredri a jiska prentan 2014, pou kontinye diskite sou EJ EO. Alyans EJ MA te reyini tou ak DEP pou diskite sou ogmantasyon atansyon popilasyon EJ yo. Biwo MA pou Lojman ak Devlopman Ekonomik (Economic Development, HED), EEA ak MassDOT te patisipe nan diskisyon EO yo. EO a te siyen an 2014.
- **2015:** EEA te pibliye yon mizajou sou politik jistis anviwònmantral Eta a nan mwa janvyè. Nan mizajou a, Eta a revize epi mete ajou done demografik yo itilize pou detèmine katye EJ yo. Nan mwa me, ajans leta yo te rate dat limit pou aplike estrateji jistis anviwònmantral la epi pòs direktè jistis anviwònmantral la te rete vid. Pòs Direktè a te vid pou plis pase 3 ane.
- **2018:** Sosyete EJ te fòme.

Aprè sa, Sofia te sede plas la pou Staci Rubin, Vis Prezidan CLF pou Jistis Anviwònman, li te pale sou kritè pou defini jistis anviwònmantral la. Kòmantè sa yo rezime isit la:

Byen bonè nan dènye sesyon lejislatif la, Komisyon EJ a te analize pou konnen si gen posibilite pou defini popilasyon JE yo selon kritè demografik anplis de ekspozé nan domèn endistriyèl oswa enstalasyon danjere oswa lòt.

Sosyete EJ a te travay ak sipò reprezantan lejislatif yo. Miranda, Reprezantan. DuBois, Reprezantan.

Madaro, Senatè DiDomenico ak Senatè Eldridge sou ["YON LWA KI KREYE ROADMAP PWOCHÈN JENERASYON AN POU POLITIK KLIMA MASSACHUSETTS."](#) Yo te travay tou ak moun ki ekspè nan done ak katografi, tankou Dr Marcos Luna. Sosyete EJ a te prensipal defansè lwa sou klima a.

Youn nan enkyetid yo te pale sou li, se te jwenn yon balans ant dezi pou asire deziyasyon EJ pou kominote koulè yo pwoteje epi lajman aplikab ak enkyetid pou li pa twòp enkli kominote ki pi rich yo. Gwoup la te egzamine anpil etid ak eksperyans moun yo te fè e sa te demontre ras se pi gwo prediktif pou viv toupre yon entalasyon ki polye oswa danjere. 4yèm kritè ras + revni te gen entansyon asire pwoteksyon kominote koulè yo, men sèlman jiska yon sèten nivo.

Aprè sa, gwoup la te vle eksplòre pou wè si ekspozisyon yo ta dwe konsidere demografik anplis, men yo te twouve li difisil pou fè sa, se konsa gwoup la te detèmine limit ki dwe genyen (pousantaj) pou lyen ak demografik.

Sofia te di Konsèy EJ a gen kapasite pou enfluyans limit pousantaj sa yo kalifye antanke popilasyon EJ a. Staci te pale tou sou egzijans yon kominote pou l mande enklizyon yon ti pati nan yon zòn jeyografik ki satisfè youn nan kritè EJ yo. Konsèy EJ a ka ede detèmine ak kisa pwosesis manm sa a sanble. Yon kesyon pou Konsèy EJ a konsidere se ki moun ki manke nan deziyasyon popilasyon EJ a. Pa egzanp, yon kominote Kap Vè nan East Freetown, vle resevwa definisyon popilasyon EJ a (yon ti bout tè ki gen yon kilomèt ak anpil risk anviwònmantral). Komisyon EJ a pa t kapab detèmine done ak limit ki gen pou East Freetown patisipe, men nou espere l ap ka aplike pou patisipe. Komisyon EJ a espere EJC pral reflechi sou fason nou ka asire gwo pwoteksyon ki baze sou done demografik pou deziyasyon popilasyon EJ a epi reflechi sou yon seri kote ki pi piti ki reponn plizyè kritè e ki ka kalifye pou finansman an. Mwen espere tou CJE a pral enfluyans pwosesis enpak kimilatif k ap kontinye ak ajans yo.

Aprè sa, Sofia te ale nan Andrea Nyamekye, ansyen vwazen avèk vwazen r pou pale sou lwa klima a ak enpòtans li. Kòmantè Andrea yo rezime isit la:

Kounye a gen yon lwa EJ, li mande jistis fòmèl ak reyèl. Li mande aksè lengistik ak jistis reyèl, tankou rekonesans difikilte demezire ak reparasyon fado sa yo. Anvan Lwa EJ a, ajans yo pa t oblije konsidere distribisyon benefis ak chay yo lè yo bay pèmi pou enstalasyon enèji oswa pou konsidere popilasyon EJ yo lè yo bay sèvis transpò piblik.

Andrea te pase lapawòl bay María Belén pou l konkli prezantasyon Komisyon EJ a. Maria Belen ranfòse dezi komisyon EJ a pou l travay avèk Konsèy EJ pou fè EJ pwogrese atravè Commonwealth la. Maria Belen voye yon imèl bay manm CJE yo pou yo reyini an gwoup 3 oubyen 4 pou yo ka respekte lwa sou reyinyon piblik yo (OML).

Analiz Definisyon "Popilasyon JE":

Marcos Luna, Pwofesè Jeyografi, devlopman ak Koòdonatè Pwogram Gradyasyon nan Syans Enfòmasyon Jeyografik nan Salem State University, te prezante yon brèf istwa politik jistis ekolojik.

Rishi te pase konsèy EJ a lapawòl pou diskite sou pwodwi travay yo. Diskisyon jeneral la rezime anba a:

Rishi - Ki fòm pwodwi travay konsèy sa a ta dwe pran? Sa nou prezante nan fen analiz la dwe yon rapò ekri? Yon rapò oral? Oswa yon bagay nan mitan? Kijan n ap rive la? Èske nou dwe divize an ti gwoup?

Pat Spence - Dokiman ki ekri yo enpòtan, men lè nou kapab nou ta dwe mennen yon moun pou koute sa n ap di, sa vrèman pèsone pou rekòmandasyon sa yo.

Rishi - Fonksyon EJC sa a se konseye sekretè a ak ansyen ofisyèl yo.

Kahlila - Anplis Sekretè a, èske gen yon pwosesis pou mete pwodwi travay yo disponib pou piblik la?

Rishi - Kontèks travay nou an se nenpòt rapò yo itilize pou enfòme Sekretè a ak anplwaye l yo, se yon dokiman piblik, kidonk li disponib pou tout moun.

Rishi - Ou ka voye nenpòt lòt lide nan yon imèl dirèkteman bay Val (Vallery Cardoso), tanpri pa revoye imèl la pou lòt manm konsèy la nan pati imèl sa a. Deliberasyon ant konsèy la ka fèt sèlman nan reyinyon fòmèl sa a an akò ak lwa sou reyinyon piblik la.

Rishi - Daprè sa w tande a, ki travay/plis rechèch ki bezwen fèt pou pran desizyon sou pousantaj popilasyon nan gwoup EJ yo?

Cheryll Holley - Dispozisyon "Opsyonèl" pou kominote EJ jan sa di nan lwa a. Kisa sa vle di? Pafwa moun ki gen koulè yo ka gen ti mwayen poutan y ap viv nan bèl katye. Kidonk, ki sa pwen sa a vle di pou kominote yo, espesyalman nan pati santral ak lwès eta a?

Rishi - Se vre dispozisyon enklizyon ka ede klarifye reyalyte pou pati ki pa nan pati lès eta a.

Ankadreman - Yon kominote ka mande sekretè a pou mete l nan definisyon popilasyon EJ a. Yon ponko defini detay yo.

Cheryll - Eskè yon gwoup ka fè sa?

Marcos - Yo defini Kominote ki idantifye yo jeyografikman. Adere sanble swiv definisyon jewografik la.

Melissa - Sa fè nou tounen nan diskisyon nou an sou Herring Pond ak lòt moun ki nan tribi yo k ap viv nan kominote rezistans tankou Cape Cod. Nou te ka petèt kreye yon kouvèti sou rezèv ak tè tradisyonèl sou kat jewografik sa a. Anpil moun ki satisfè kondisyon yo bezwen idantifye tèt yo. Ki jan yo idantifye kominote sa yo? Pa sèlman pou kominote tribi yo.

Cheryll Holly - Yo pa ka idantifye tout kominote yo atravè jewografi.

Rishi - Sa a se yon kesyon esansyèl, espesyalman konsènan tribi yo. Malgre yo idantifye popilasyon endijèn nan politik EJ kòm yon minorite, sa pa reflekte nan fason nou anrejistre done sa yo sou katografi EJ yo. Donk kijan nou ka abòde pwoblèm sa? Ki enfòmasyon adisyonèl ki nesèsè?

Melissa - Yon gwo kesyon pou kominote tribi yo. Sa a se yon kesyon ki konsène chak gwoup nasyon epi li vrèman pèsonel pou tribi sa.

Cheryll - Tribi yo deja gen konvèsasyon sa a.

Lydia Lowe - Dakò ak lòt moun sou konbinezon ki fèt alekri ak aloral pou pwodwi travay. Pou kèk nan travay ki bezwen fè, lè yo apresye kompleksite sitiyasyon an. Mwen santi m bezwen konnen plis paske mwen sèlman konnen kominote mwen an. Èske gen kat jeowografi ak diferan kalite polisyon, istwa ak sitiyasyon aktyèl nan kominote tribi yo? Sa se anpil bagay pou aprann.

Rishi - Chak nan nou gen yon domèn ekspètiz diferan. Fason nou itilize espas sa yo epi pran desizyon ansanm se trik gwoup sa a.

Caroline Hon - Konparezon ak lòt eta konsènan valè yo? Si wi, èske yo ka pataje enfòmasyon sa yo?

Rishi - Wi, nou kenbe kontak ak lòt eta yo epi evalye sa ki te fèt la, men nou dwe kenbe nan tèt nou chak eta inik. NJ ak Kalifòni, yo te yon egzanp nan domèn sa a.

Pat Spence - Gen anpil bagay pou m di e mwen pa santi m pare pou m ale nan yon gwoup apa pou pale sou sa, men n ap aprann kiyès nou tout ye e mwen pa vle manke konprann pèspektiv lòt moun.

Peter - Dekouvèt ak rechèch sou sa ki egziste. Èske te gen lòt pwopozisyon oswa done nou ka reflechi sou yo? Ki jan nou fè konnen nou te rive pran yon desizyon? Mwen ta renmen wè ki jan yo distribye l. Ak yon depo ki gen enfòmasyon yon sèl kote pou kapab revize tout bagay. Ki jan n ap fè pou n gen menm konpreyansyon?

Kahlila - Si nou rive nan gwoup travay yo, ki sipò ki disponib? Èske se nou menm ki pwograme yo? Ki jan y ap jere l? Si gen yon ekspè nan yon domèn espesifik, èske nou gen dwa konsilte yo?

Rishi - Si yon moun gen nenpòt lòt lide, tanpri soumèt yo atan bay Vallery anvan 21 septanm pou pwochen reyinyon an.

Rishi- M ap rasanble yon seri resous alekri ak videyo pou Konsèy la itilize. Pou nou tout ka sou menm paj la alavni.

Prezantasyon plan enèji pwòp la ak klima a:

Hanh Chu, Manadjè Pwogram GWSA te fè yon prezantasyon sou enèji pwòp la ak plan klima 2050 lan. Yo te poze kesyon sa yo e yo te bay repons pou yo:

Marcos - Nan ki pwen plan rediksyon an gen ladan paramèt ekitab yo mete an aplikasyon? Èske gen yon plan pou mezire sa?

Hanh - N ap travay sou yon tablo sou entènèt kote nou pral swiv pwogrè objektif ak angajman plan an. Vèsyon alpha ki nan tablo a pa gen mezi ekitab men sa a se yon bagay nou vle devlope pou vèsyon beta yo pral lage ane pwochen nan. Ekip Hanh lan te angaje ak Komite Konsiltatif Aplikasyon GWSA a (IAC) sou kèk nan mezi yo ta renmen wè epi yo te ogmante enpòtans ki genyen nan mezire aplikasyon an nan yon pèspektiv ekitab, kidonk yo gen kèk sijesyon sou mezi ki ekitab. Gwoup Travay Jistis Klimatil IAC a nan 2020 te pwopozè kèk kritè. Pandan ane kap vini an, nou pral gade mezi sa yo pou wè kiyès nou ka jwenn done serye epi swiv chak ane oswa sou yon baz regilye.

Marcos - Si sa posib, mande pou tout done ki kolekte yo toujou gen rapò ak jewografi nan yon fason ki ka rapòte. Menm jan an tou, si se nan nivo kay la, enfòmasyon debaz anonim sou ki moun ki resevwa sèvis sa yo.

Yo pa t poze lòt kesyon aprè prezantasyon Hanh nan.

Kesyon/Kòmantè ki soti nan piblik la:

Rishi te mande Vallery si te gen kòmantè piblik nan pati kesyon ak repons sou Zoom nan. Yo pa t poze kesyon nan pati kesyon repons lan men yon manm odyans te leve men l vityèlman pou l pale. Melanie Gárate te poze kesyon an. Melanie te poze kesyon sou fason konsèy la imajine enpak nouvo administrasyon an gen sou travay konsèy sa a. Rishi te reponn Konsèy EJ a pral kontinye aji antanke yon enstitisyon epi nou pral aprann priyorite nouvo administrasyon an. Melanie te mande Konsèy EJ a tou pou l kenbe piblik la enfòm sou nenpòt chanjman.

Patricia Spence te poze kesyon sou ki fason nou pral mete granmoun nou yo nan travay sa a. Lè nou gade nan EJ, sa rive paran nou yo ak granparan, kidonk kijan n ap fè pou mete yo? Espesyalman si nou konsidere yo ka twouve yo yon kote ki diferan sou plan teknoloji. Rishi fè konnen reyinyon vityèl yo pa ideyal men yo fè reyinyon yo pi aksesib pou gwoup patikilye. Zoom gen yon opsyon pou fè apèl. Moun ki aje yo se yon gwoup ki enpòtan epi yo evoke yo nan anpil konvèsasyon antanke manm popilasyon ki vilnerab pou nan klima ak sante piblik.

Pwochen etap ak konklizyon:

Rishi te anonse pwochen reyinyon Konsèy EJ a ap fèt madi 27 septanm a 12 p.m. Y ap fè reyinyon an vityèlman sou Zoom. Atik ki sou ajanda pou reyinyon sa a se: Sa ki pral pwodwi travay la ak fason yo reyalize l ak yon prezantasyon nan Task Force EJ EEA.

Rishi te di yo ka voye nenpòt kòmantè sou atik ajanda yo bay Vallery.

Namrita fè konnen enfòmasyon yo bay Konsèy EJ a gen rapò ak domèn kote nou manke plis definisyon epi anpil enklizyon se pi bon chemen pase enklizyon ki ba. Namrita te mande ki kote definisyon an pa byen mache e si Konsèy EJ a ka jwenn kèk done sou li. Rishi te reponn gen enfòmasyon deyò, e youn nan bagay gwoup sa a pral fè se analize enfòmasyon sa yo epi verifye pou wè ki jan yo ka afekte definisyon an.

Rishi pran lapawòl, li mande yon mosyon pou l konkli. Namrita te pwopoze pou fini reyinyon an epi Cheryll te apiye pwopozisyon an. Rishi te site non yon vòt apèl. Tout manm yo te vote wi pou fini sesyon an. Reyinyon an fini a 12:32 15/09/2022.